

# Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Nan pwochen chapit matematik nou an, nou pral aprann kijan pou nou rezoud ekwasyon kwadratik. Ekwasyon kwadratik gen varyab prensipal la okare epi yo ka ekri li sou fòm  $ax^2 + bx + c = 0$ , kote  $a$ ,  $b$  ak  $c$  konstan.

Ekwasyon kwadratik se yon sijè ki enpòtan nan matematik epi nan syans. Yo itilize yo pou dekri mouvman yon objè nan lespas, tankou mouvman baskètbòl, otomobil, satelit, ak fize. Yo sèvi avèk yo tou pou yo detèminen fòm antèn rada, antèn satelit, ak glas yo itilize nan teleskop.

Nou pral aprann epi nou pral mete an pratik twa metòd enpòtan pou rezoud ekwasyon kwadratik : kouman pou rezoud kare pafè, kouman pou sèvi ak faktorizasyon pou rezoud ekwasyon, epi kouman pou itilize fòmil kwadratik la.

- Nou pral aprann kijan pou rekonèt kwadratik kare pafè, ki ekivalan ak yon ekspresyon lineyè senp ki miltipliye pa li menm :

$$\begin{aligned}x^2 + 4x + 4 &= (x + 2)(x + 2) = (x + 2)^2 \\4x^2 - 12x + 9 &= (2x - 3)(2x - 3) = (2x - 3)^2\end{aligned}$$

- Yon lòt metòd enpòtan se kouman pou sèvi ak faktorizasyon pou rezoud ekwasyon kwadratik. Metòd sa a itil lè yon ekwasyon kwadratik ekivalan ak pwodwi de (2) ekspresyon lineyè diferan :

$$\begin{aligned}x^2 - 8x + 15 &= (x - 5)(x - 3) \\2x^2 - 8x - 10 &= (2x + 2)(x - 5)\end{aligned}$$

- Yon twazyèm metòd se pou itilize fòmil kwadratik la. Fòmil kwadratik la itil paske yo ka itilize li pou rezoud nenpòt ekwasyon kwadratik ki ekri sou fòm  $ax^2 + bx + c = 0$ , men pa sèlman sa ki kare pafè yo oubyen sa yo ka faktorize fasilman yo.

**Vokabilè** Nan pwochen leson yo, nap aprann de (2) nouvo tèm vokabilè :

**Faktorizasyon**

**trinòm**

## Kisa w ka fè lakay ?

Konesans ou genyen nan ekwasyon kwadratik la pral ede elèv ou an metrize youn nan sijè yo ki pi enpòtan nan aljèb. Travay la abstrè, men ekspetiz sa a ap bay elèv yo yon pisans ki pral ede elèv yo nan tout travay yo pral gen pou fè pi devan ak aljèb. Ankouraje elèv ou an montre w pwoblèm nap fè yo epi mande l pou li eksplike w metòd lap aprann itilize yo.

